



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE PREMYE PLAN DIREKTÈ ENÈJI EWOLYÈN SOU LANMÈ NAN NASYON AN POU GIDE DEVLOPMAN ENÈJI RENOUVLAB NAN NEW YORK

Anonse Pou Lapremyè Fwa nan Diskou Sitiyasyon Eta a nan 2018 - Plan Direktè a Pral Ekzekite Akizyon Omwen 800 Megawat Gras ak Enèji Ewolyèn Sou Lanmè Nan Pwochen De Ane yo

Plan pral Ede Reyalize Sib 2.4 Jigawat Gras ak Enèji Ewolyèn sou Lanmè Apati 2030, Sipòte Objektif Gouvènè a Pou 50% Elektrisite Soti Nan Enèji Renouvlab apati 2030

Yo Estime Sa Pral Kreye Plizyè Milye Travay nan Endistri Enèji Ewolyèn sou Lanmè Ki Ap Grandi nan New York, Plis Pase 20 Etid Syantifik ak Analiz Endistri Apiye sa

Gouvènè a Angaje 15 Milyon dola pou Fòmasyon Mendèv nan Domèn Enèji Pwòp Ak Devlope Enfrastrikti Pòtyè Pou Ankouraje Devlopman Endistri Enèji Ewolyèn sou Lanmè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a [Plan Direktè Enèji Ewolyèn sou Lanmè nan Eta New York](#) (New York State Offshore Wind Master Plan) ki konplè, ki pral gide devlopman nan fason responsab ak a ba pri 2.4 jigawat enèji ewolyèn sou lanmè 2030, ki sifi pou elektrifye 1.2 milyon kay ak enèji pwòp. Pou ankouraje devlopman resous renouvlab, Gouvènè Cuomo te anonse nan diskou Sitiyasyon Eta a pou 2018 eta a pral pibliye pwopozisyon an 2018 ak an 2019 pou yon total konbine k'ap omwen 800 megawat nan enèji ewolyèn sou lanmè. Enèji ewolyèn sou lanmè se yon eleman vital nan manda pou jenere 50 pousan eletrisite eta a apati sous enèji renouvlab apati 2030 ak sipòte kreyasyon plizyè milye bon travay nan ekonomi enèji pwòp New York lan.

Gouvènè a te anonse yon angajman 15 milyon dola pou fòmasyon mendèv lokal pou djòb ki peye byen ki nesese pou konstwi enèji ewolyèn sou lanmè ak devlope enfrastrikti pòtyè. Gouvènè Cuomo te òdone ajans eta yo pou yo evalye fason ki pi pwometè pou devlope enfrastrikti pòtyè pou sipòte endistri a ak rann New York rejyon enkonteste pou enèji ewolyèn sou lanmè nan Etazini. Kòm pwochen etap nan angajman eta a pou li kreye plizyè milye bon travay nan endistri enèji ewolyèn sou lanmè ak lòt endistri ki lye, Gouvènè Cuomo ap mande Otorite Rechèch ak Devlopman

Enèji nan Eta New York lan (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou li travay ak tout lòt ajans eta ki nesèsè pou asire estanda travay, salè anvigè, ak lòt mezi rive ekzekite nan fason apwopriye pou djòb bon kalite, ki peye byen nan domèn enèji pwop pou moun New York.

“Pandan gouvènman federal la abandone pwoteksyon resous natirèl ak tèren nou yo pou louvri pou fouye reyon kotyè nou yo, New York ap redouble angajman li nan enèji renouvlab ak endistri demen yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “N’ap itilize mendèv premye klass nou an, kapital entelektyèl san parèy, enfrastrikti fizik ak enstitisyon finansye pou devlope yon sous enèji pwòp ki ap sansès pi abòdab, ki ap kreye travay ki peye byen pandan n’ap pwoteje bote natirèl ak kalite lavi nan Long Island.”

Pou yo lanse lòd Gouvènè a pou yo akeri omwen 800 megatwat nan enèji ewolyèn sou lanmè Otorite Rechèh ak Devlopman Enèji nan Eta New York lan, te depoze Dokiman sou Opsyon Politik konsènan Enèji Ewolyèn sou Lanmè (Offshore Wind Policy Options Paper) nan men Komisyon Sèvis Piblik nan Eta New York (New York State Public Service Commission). Nan [dokiman](#) sa a, NYSERDA analize diferan opsyon pou fè kontra konsènan pwojè enèji ewolyèn sou lanmè nan fason rantab, sa ki pral mennen a devlopman pwojè a nan yon dèl akseptab. Angajman New York pou li pouswiv resepsyon pwopozyon pou enèji ewolyèn sou lan lanmè pral kreye konpetisyon pami pwomotè pou redwi pri epi ofri opòtinite devlopman ekonomik dirèk pou New York.

Mendèv pou Enèji Pwòp ak Enfrastrikti Pòtyè

Gouvènè Cuomo te pwomèt 15 milyon dola bay NYSERDA pou fòmasyon mendèv pou asire gason ak fanm resevwa konpetans ki nesèsè pou tout aspè endistri enèji ewolyèn sou lanmè, epi pou devlope enfrastrikti pòtyè. NYSERDA pral travay ansanm ak Empire State Development ak lòt ajans pou decide investisman ki pi pwometè nan kad enfrastrikti pòtyè pou enèji ewolyèn sou lanmè.

Opòtinite Mendèv pou Enèji Ewolyèn sou Lanmè nan New York (Workforce Opportunity of Offshore Wind in New York) youn nan [etid](#) ki sipòte Plan Direktè a, te konkli atravè yon endistri rejyonal ki solid nan domèn enèji ewolyèn sou lanmè, mendèv ak enfrastrikti New York te ka benefisye plis pase 6 milya dola nan kad depans ki soti nan sektè piblik ak prive. Yo atann pou endistri a te ka kreye 2,000 travay nan operasyon ak antretyen, 2,700 travay nan fabrikasyon, ak 350 travay nan jesyon ak devlopman pwojè.

Lè yo pwopoze yon devlopman responsab resous sa a, New York pral pozisyonè tèt li nan yon fason inik kòm lidè nan endistri enèji ewolyèn sou lanmè nan Etazini epi rekòlte benefis ki soti nan yon ekonomi divèsifye gras ak plizyè milye nouvo bon travay ki mande konpetans, pandan y’ap ajoute yon zouti adisyonèl nan konba kont chanjman klima a.

Angajman Piblik ak Patisipasyon

Plan Direktè Enèji Ewolyèn sou Lanmè New York la (New York’s Offshore Wind Master Plan) reprezante youn pwosesis ki pi solid epi pi pwo-aktif pou angaje piblik la ak pati enterese yo nan kèlkeswa eta ki ap pouswiv devlopman resous enèji ewolyèn sou lanmè epi li se premye konsa nan nasyon an. New York te pibliye Plan Direktè Enèji

Ewolyèn sou Lanmè apre de lane rechèch apwofondi, analiz, sansibilizasyon ki montre yon chemen pou reyalize objektif odasye Gouvènè a nan sa ki konsène enèji ewolyèn sou lanmè. Pwosis lan te enplike angajman konsiderab ak aksyonè piblik ak moun ki dirèkteman enplike nan enèji ewolyèn sou lanmè epi moun ki afekte oubyen ki ka benefisye nan devlopman li, sa enkli kominote mendèv ak biznis, òganizasyon anviwònmantal, pwomotè pwojè, izin, endistri pou lapèch komèsyal ak pou plezi, ak piblik la anjeneral. Eta a te reyalize plizyè santèn rankont ak konsiltasyon, sèt sesyon enfòmasyon piblik, ak kat jounen pòt louvri ki te konsantre sou endistri lapèch la.

NYSERDA pral kontinye angaje pati enterese yo lè li ap reyalize de (2) seminè sou entènèt pou piblik la madi k'ap 13 Fevriye a soti [1 - 2 p.m](#) ak [6 - 7 p.m.](#) pou ofri yon apèsi sou Plan Direktè Enèji Ewolyèn sou Lanmè ak pwochen etap New York pral pran pou li avanse ak devlopman enèji ewolyèn sou lanmè. Pre-enskripsyon nesèsè pou patisipe nan seminè sou entènèt - tanpri klike [isit la](#) pou plis enfòmasyon.

Pou ede nan devlopman responsab enèji ewolyèn sou lanmè, New York pral kreye plizyè Gwoup Travay Teknik (Technical Working Groups) ki enkli ekspè ak gwoup ki enterese nan diferan disiplin. Gwoup inisyal yo pral konsantre sou travay nan enèji ewolyèn sou lanmè ak chèn apwovizyonman, lapèch komèsyal ak pou plezi, ak kesyon anviwònmantal. Pou plis enfòmasyon sou Plan Direktè Enèji Ewolyèn Sou Lanmè nan New York lan ak lòt etid ki lye, vizite [sit wèb](#) NYSERDA a.

Richard L. Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou New York, te deklare, “New York te sezi moman an pou li nonsèlman adrese kriz klima global la, men tou pou li pwofite jwenn rekonpans ekonomik ak anviwònmantal enèji renouvlab ka pote. Plan Direktè a se yon vrè demonstrasyon ki montre lidèchip New York nan enèji ewolyèn sou lanmè, epi li pral sipòte yon devlopman responsab ak abòdab yon resous ki pral founi avantaj konsiderab pou tout moun New York”.

Prezidan ak PDG Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York, Alicia Barton, te di, “Devlopman resous enèji ewolyèn sou lanmè pou nasyon an se yon opòtinite san parèy pou New York pou li nonsèlman antèt nasyon an nan adopsyon enèji pwòp, men pou li rekòlte avantaj ekonomik lè li vini yon sant nasyonal pou endistri pwometè sa a. Ak angajman remakab Gouvènè Cuomo pou apwovizyonman omwen 800 megawat gras ak pwojè a gran echèl nan domèn enèji ewolyèn sou lanmè nan 2018 ak nan 2019, New York pral solidifye pozisyon li nan tèt mache ameriken an pou enèji ewolyèn sou lanmè ki ap devlope a, epi ak kreyasyon plizyè milye travay ki byen peye ak plizyè milyon dola envestisman nan kominote nan zòn kotyè nou yo”.

Senator Joseph Griffo, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekominikasyon (Committee on Energy and Telecommunications) Sena, te deklare, “Gouvènè a te rekonèt yon opòtinite enpòtan pou New York vini yon lidè nan devlopman enèji ewolyèn sou lanmè lè li te kreye Plan Direktè a, ki se yon plan pou eksplòre potansyèl pou envestisman nan enèji ewolyèn sou lanmè. Kenbe divèsite kabiran nan eta nou an ak yon aksan sou konstwi plis sous pwodiksyon enèji renouvlab ekzijè nou itilize richès natirèl eta nou an. Sa a se kle pou yon politik enèji entelijan pou eta nou an, epi si nou fè li byen, sa pral kreye yon New York ki pi pwòp, pi vèt pou pwochen jenerasyon an”.

Manm Asanble a Michael Cusick, ki se Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy Committee), te deklare, “Plan Direktè Enèji Ewolyèn sou Lanmè nan New York la pral avanse vizyon pou yon eta ki pi vèt ak pi pwòp lè yo investi nan devlopman enfrastrikti enèji pwòp. Investisman nan richès natirèl nou yo rete vital pandan n’ap kontinye konsantre sou pwodiksyon sous enèji renouvlab pou eta nou an. New York kontinye rete lidè nasyon an nan ofri yon anviwònman ki pi vèt pou jenerasyon fiti nou an”.

Konsènan Vizyon Refòm Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)

Vizyon Refòm Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elektisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire prèske 800 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite rev.ny.gov epi swiv nou Twitter, Facebook, ak LinkedIn.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418